# ИНФОРМАЦИЯ ҚӘЎИПСИЗЛИГИ ПӘНИН АРАЛЫҚТАН ОҚЫТЫЎ УШЫН ДИДАКТИКАЛЫҚ МАТЕРИАЛЛАР ЖАРАТЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.И.Турениязова -** *физика-математика илимлериниң кандидаты*
**Н.Н.Каналиева** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** масофали ўқитиш, дидактик талаблар, электрон таълим ресурслари, гипертекст, ахборот хавфсизлиги.

**Ключевые слова:** дистанционное образование, дидактические требования, электронные образовательные ресурсы, гипертекст, информационная безопасность.

**Key words:** distance learning, didactical requirements, electronic educational resources, hypertext, information security.

Ҳәзирги ўақытта информация жүдә қымбат ресурсқа айланды. Буны компьютерлер ушын программалық қураллар жаратыў тараўында даңқы шыққан, дүньяның ең бай адамы деген атақты онлаған жылдан бери услап турған Microsoft корпорациясының президенти Билл Гейтс жақсы түсинген ҳәм "Ким информацияға ийе болса, сол дүньяны басқарады" –деген.

Информация сондай әҳмийетли ҳәм қымбат ресурс екен, оны компьютер дисклеринде сақлаўда, қайта ислеўде ҳәм тармақ арқалы узатыўда жоқ болып кетиўден, бузылыўдан, өзгертилиўден қорғаў керек. Сол себепли мектеп информатика курсынан баслап оқыўшыларға информация қәўипсизлиги ҳаққында түсиник берип барылады. Бул пәнде мектептен баслап, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлер, жоқары оқыў орынларына дейин информацияға қәўип түрлери: компьютер вируслары ҳәм хакерлердиң ҳүжимлери, тәбийий ҳәм инсан тәрепинен келетуғын қәўиплер, ҳәм соның менен бирге қәўипсизликти тәмийинлеўдиң ҳәр түрли шаралары үйретиледи. Әдетте бул тема барлық жастағы тәлим алыўшыларда жүдә үлкен қызығыўшылық пайда етеди ҳәм олардың усы тема бойынша билим алыў ҳәм өзиниң билимлерин көрсетиў искерлигин активлестиреди. Бул қызығыўшылықты пән оқытыўшысы услап турыўы ҳәм ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлап турыўы зәрүр. Буның ушын ол жоқары нәтийжели педагогикалық технологиялардан ҳәм сыпатлы тәлим ресурсларынан пайдаланыўы керек. Сондағана тәрбиялап атырған шәкиртлери билимли болып шығады.

Билим - бул улыўмаластырылған, жыллар даўамында жыйналған информациялар топламы болып табылады, информация сөзиниң өзи болса латыншадан «түсиндириў» деп аўдарылады. Информация инсанлар бир-бирине аўызша, жазба яки сигналлар жәрдеминде узататуғын мағлыўматлардан ибарат. Билимлер информациялардан ибарат екен, демек, билим бериўшиниң ўазыйпасы – билимлерди өзлестириў дәрежеси жоқары болыўы ушын билим алыўшылардың физиоло-гиялық ҳәм психологиялық өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда информацияны жеткерип бериўдиң ең эффектив жолларын таңлаў шәрт.

Аралықтан оқытыў (АО) - бул билим (информация) бериўдиң, сыртқы оқытыўдың жаңа формасы болып, бунда талаба өзине қолай ўақытта ҳәм жерде, жумыстан ажыралмаған ҳалда билим алыўы мумкин. АО жаңа информациялық - коммуникациялық технологиялардан пайдаланған ҳалда, белгили стандартлар ҳәм нызам-қағыйдалар тийкарында тәлим алыўшыға оқыў шараятларын ҳәм оқытыўшы менен байланыс жолларын тәмийинлеп берип, оқыўшыдан көбирек өз бетинше шуғылланыўды талап ететуғын система болып табылады. Бундай тәлимниң ҳәзирги ўақытта зәрүрлиги ҳәм абзаллықлары бир қанша: жоқары оқыў орынларында оқыўды қәлеўшилер саны күннен күнге асып баратырғанлығы, ал талабаларды қабыллаў нормасының шекленгенлиги, АО салыстырмалы түрде арзанлығы, имканиятлары шекленген инсанлардың билим алыў хуқықы әмелге асырылыўы, дүньяның рейтинги жоқары оқыў орынларында оқыў имканияты, кәсиплик қайта таярлаў курсларында оқыў арқалы таза кәсиплерди ийелеў ҳәм жумыс табыў, өмир даўамында билим алыў имканияты ҳәм т.б.

Аралықтан оқытыўдың және бир абзаллық тәрепи онда оқыў мүддетин оқыўшының өзи белгилейди, бунда студент қәлеген ўақтында оқыўды баслайды, материалларды оқытыўшы бақлаўында өзлестиреди. Өзлестириў оқыўшының тапсырмаларды, тестлерди орынлаўына қарап анықланады. Оқыўшы берилген программаны қанша тез өзлестирсе, сонша тез оқыўын тамамлайды ҳәм сертификат алады, ал программаны өзлестире алмаса, оған өз бетинше ислеп, оқыўды даўам етиўге имканият бериледи [1].

Аралықтан оқытыў тәлим алыўшылардың пикирлеў, жағдайды анализ етиў ҳәм баҳалаў, машқалаларды шешиў, жуўмақ шығарыў ҳәм сол тийкарында прогноз қылыў қәбилетлерин раўажландырыў ўазыйпасын атқарыўы ушын оқытыўдың бул түрине де аудиториялық (күндизги) оқыўға қойылатуғын барлық дидактикалық талаплар қойылыўы керек.

АО курслары илимийлик, оқыў материалының избе-из ҳәм системалы, көргизбели берилиўи, беккемлеў, теорияның әмелият пенен байланысы, үйрениўге ерисиўди тәмийинлеў прициплерине қатаң әмел қылыўы керек [2]. Оған материалдың еситиў ҳәм көриў арқалы эмоциялық ядқа тәсир етиў формасында, сүўретлер ҳәм диаграммалар, мультимедиа ҳәм видео жәрдеминде, қызығарлы ҳәм пайдаланыўда аңсат, өзлестириўге қолайлы түрде берилиўи, оқытыўшы менен кери байланыс орнатып, мәсләҳәтлер берип турыў, өзлестириў дәрежесин тынымсыз бақлап барыў, өзин өзи тексерип

турыў механизмин жаратыў арқалы ерисиледи. Бундай курслардың нәтийжелилиги материалдың билим алыўшының индивидуал интеллектуаллық, физиологиялық ҳәм психологиялық жағдайына адаптация етилгенлигине тиккелей байланыслы болады.

Электрон үйретиўши орталықлар гипертекст тийкарында болып, элементлери, түсиниклери яки бөлимлери мазмуны бойынша гипербағытлар жәрдеминде бир бири менен байланыстырылған формада бериледи ҳәм олардың мәнисин ашып, толығырақ мағлыўмат алыўды тәмийинлейди. Гипербағытлар бойынша сызықлы ҳәм тармақланыўшы навигация түсиниклери терең, ассоциатив байланыста үйрениў имканиятын береди.

Аралықтан оқытыў ушын жаратылатуғын ҳәр бир элементке қойылатуғын дидактикалық талапларды айтып отейик. Текстли оқыў информация – толық, ҳәттеки артықша информациядан ибарат болыўы керек, себеби талаба бул жерден пән бойынша қәлеген мағлыўматты табыўы керек. Тестлер – ҳәр бир тема бойынша дүзилген болып, коррект сораўлардан ҳәм жуўаплардан ибарат болыўы ҳәм де оқыў материалын пухта өзлестириўге жәрдем бериўи керек. Тест талабаның билими, көникпелери ҳәм уқыплылықлары ҳаққында объектив мағлыўмат берип барыўы шәрт. Мәселелер топламы – ҳәр бир тема бойынша дөретиўшилик пенен дүзилген мәселелер, теориялық билимлерди пайдаланыў көникпелерин раўажландырыўға, материалды беккемлеўге жәрдем бериўи лазым. Соның менен бирге дөретиўшилик орталығы, вербал болмаған қураллар, автор орталығы оқыў материалларын методикалық тәрептен қолайлы, белгили избе-изликте ҳәм траекторияда, көргизбели түрде, конкрет оқыў орны, конкрет талабаға масластырылған ҳалда, автордың таңлап алған стратегиясы бойынша оқыў материалларын қосыў имканиятын бериўи талап етиледи.

Информация қәўипсизлиги пәни бойынша жаратылған электрон тәлим ресурслары аралықтан оқыў курсларында бир модул сыпатында пайдаланыўға болатуғын педагогикалық дидактикалық қурал болып, оқыў курсын толық қамтып алған, материаллары түсиникли, көргизбели ҳәм өзлестириўге қолайлы комплекс болып табылады [3].

**Әдебиятлар**


1. Бегимқулов У.Ш. Педагогик таълим жараёнларини ахборотлаштиришни ташкил этиш ва бошқариш назарияси ва амалиёти: пед. фан. докт. … дисс. автореферати. – Тошкент: 2007, 38-б.
2. Жураев Р.Ҳ., Тайлақов Н.И., Расулова Г.А. Узлуксиз таълим тизими учун электрон ўқув қўлланмалари яратишга оид илмий-методик талаблар. // Узлуксиз таълим. – Тошкент: 2005. № 2.
3. Tureniyazova A.I. Kompyuter tarmaqlari'nda informaciya qa'wipsizligi mashqalasi'ni'n' aktualli'g'i'. «Муғаллим ҳәм үзликсиз тәлим» илимий-методикалық журнал. –Нукус: 2013, №6, 10-12- б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада масофали ўқитиш талабаларнинг мустақил ишлаш шакли сифатида, «Ахборот хавфсизлиги» фани бўйича электрон таълим ресурсларига қўйиладиган дидактик талаблар ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы организации дистанционного образования как самостоятельной работы студентов и дидактические требования к электронным образовательным ресурсам по предмету «Безопасность информации».

**SUMMARY**

In the article the author considers the issues of distance learning as a form of organization of self-study, independent work of students and didactical requirements to the electronic educational resources in the subject "Information security".


## БЎЛАЖАК ЎҚИТУВЧИЛАР МАЪНАВИЯТИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ МЕЗОНЛАРИ ВА КЎРСАТКИЧЛАРИ


**У.Утанов** - *мустақил изланувчи*

*Алишер Навоий номидаги Самарқанд давлат университети*



**Таянч сўзлар:** мезон, педагогик мезон, маънавий мезон, тарихийлик, мантиқийлик, ижтимоийлашувлик, психологик, комуникатив, маънавий таҳлил, маънавий эҳтиёж, кўрсатгич.

**Ключевые слова**: критерий, педагогические критерии, духовные критерии, историчность, логичность, обобщение, психологический, коммуникативный, духовный анализ, духовная потребность, показатель.

**Key words:** criteria, pedagogical criterias, spiritual criterias, historical method, logicality, generalization, psychological, communicative, spiritual analysis, spiritual need, indicator.


Мезон – муайян бир назария, таълимот, фан, дунёқараш ёки назарий дастурнинг асоси; инсоннинг эътиқоди, воқеликка бўлган муносабати ва хулқ-атвор меъёрларини белгилаб беради. Фалсафада мезон – бошланғич нуқта, бошқарувчи ғоя, хулқ-атвор, ўзини тутишнинг асоси сифатида қаралади. Мантиқий маънода мезон марказий тушунча бўлиб, абстракция сифатида олинган ҳодисанинг барча соҳаларига татбиқ қилинувчи, умумлаштирувчи ва тарқатувчи тизимнинг асосидир.

Бўлажак ўқитувчиларнинг маънавиятини шакллантириш энг аввало, мазкур жараён самарадорлигини кафолатловчи мезонларни аниқлаштириб олишни талаб этади. Бунинг учун эса, маънавиятни шакллантирадиган